«БАККЪАЛ А, ДЕЛАН ЭВЛАЯАШ – ЦАРНА КХЕРАМ А ХИР МА БАЦ, УЬШ ГIАЙГIАНЕ А ХИР МА БАЦ»
*(Глава 10:62)*



Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

...я считаю это газета должна быть 4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

# Ислам́ан зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна I990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября I990 года

zori_islama

zori islama

2017-чу шеран август беттан 3-гIа де
3 август 2017 год № 15 (392)

**БУСАЛБАНАШ! ВОВШИЙН ДЕЗАЛАШ. ВОВШАШНА ГIО ДЕЛАШ. БАККЪАЛ А ВОВШИЙН ВЕЖАРИЙ ХИЛАЛАШ.**
(Кунта-Хьаьжа)



Петирова П.

## Нохчийчохь хьошалгIахь

Нохчийн Республике хьошалгIа веана СаIудийн Iаравийн Россин Федерацехь волу векал ИбрахIим Али Аль Расси шен хIусамненаца а, белхан накъостаца а цхьаьна.

Соьлжа-ГIалин аэропортехь хьеший тIеоьцуш НР-н Правительствон Председатель Р. С.-Х. Эдельгериев а, НР-н муфти Межиев Салахь, НР-н къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан а, хаамийн министр Умаров Джамбулат а, НР-н транспортан а, зIенан а министр Черхигов Р.С-Э. а вара.

Шина дийнахь Iан дагахь ву Расси Нохчийчохь. Цу заманчохь иза лерина ву шен хIусамненаца цхьаьна республикин туристически комплексе кхача а. Цул сов, Iабдулрахьман ИбрахIим Али Аль Расси НР-н Куьйгалхочуьнца Соьлжа-ГIаларчу резиденцехь цхьаьнакхетар дIадахьа лерина ву.

## АЛЛАХIАН НОВКЪАХЬ

Нохчийчохь Iилма даржоран Iалашонца дIахьош болчу балхахь Нохчийн Республикин динан урхаллехь хаддаза дIахьуш долчу дарсащца цхьаьна муфтин Межиев Салахьан дIадолорца динан урхалло сацам бина дуьненчохь гIараваьллачу Iеламстеган Iабдул Фаттахь Абу ГIуддан «Исламан гIиллакхех» цIе йолу жайна гоч а деш, «Исламан ЗIаьнарш» газетехь зорбане даккха. Оцу белхан Iалашо ю хIора а доьзале динан хаза гIиллакхаш дIакхачор.

## Прием граждан в Духовном управлении мусульман ЧР

В Духовном управлении мусульман ЧР с понедельника по четверг (с 10:00 до 16:00) продолжается приём граждан, обращающихся по семейно-бытовым и консультативным вопросам. Некоторые просьбы удается выполнять на месте, другие, по мере возможности, оперативно решаются в кратчайшее время. Стоит отметить, что Духовное управление мусульман ЧР рассматривает только вопросы, касающиеся семейно-бытовых конфликтов и вопросы религиозного характера. Для обращения граждан по вопросам социального, материального или жилищного характера созданы и функционируют специализированные ведомства. Также напомним, что приём желающих попасть к муфтию республики Салаху-хаджи Межиеву проводится по предварительной записи и проходит в последнее воскресенье каждого месяца.

*Пресс-служба ДУМ ЧР*



## Зумсара шайх – Кхойкху ИбрахIим

Итон-Кхаьлла к1оштахь дика вевзачу Iеламстага Азимов АбусаьIида дийцира:

– ХIокху лаьмнашкарчу наха «Кхойкху ИбрахIим» олу цунах, цхьаболчара, лахахь бехачара «Мохь бетта ИбрахIим» олуш а хилла цунах. Вайн бусалба рузманехь дIалерича 1325-чу шарахь кхелхина иза. Зумсара Мохьди бIешарал тIехваьлла воккха стаг, хIокху кешнашна лулахь ваьхна. Цуьнан лулахо вара тхан ненада Махьмуд. Цара дуьйцура, Кхойкху ИбрахIим туркх хилла ву, олий. Шайхалла, эвлаяалла долуш а хилла иза. Шуьн тIе хьалха кхевдина аьлла, гIуда тоьхна гучуваьккхина а ву иза, олура цара. ИбрахIим кху лакхарчу нахана тIевоьссина хилла, мичара схьаваьлла хууш а ца хилла иза цхьанна а. Де-буьйса доккхуш хIусамда лаьцна Зумсара Мамади хилла боху цуьнан. Даима а тIехьна рахь лелош, тIулг кхуссуш Iад а хилла цуьнан. Оцу Iодаца кхуссуш акха коканал тIулг а хилла ИбрахIиман, и тIулг цо кхоьссанчуьра юхабохуш а хилла. Цхьа лелон ца дезарг лелочунна тIеккхьачча, я озарг узуш стаг, я корта Iуьйра зуда гича, кхуссуш хилла цо и тIулг.

ИбрахIим кхелхинчу дийнан йисина иштта билгало ю. Мамадин дукха ахча делла эцна дин цомгаш хилла, хьала ца гIоттуш, цунна гонаха гулделла адамаш а долуш, шен сарагахь вогIу ИбрахIим гучуваьлла. Цо геннара мохь тоьхна: «Ва, Мамади, сан дуьненчуьра зама дIаяьлла хьуна, Iожаллин мотт биллахьа суна».

– И забарш-м дукха йора ахьа, ИбрахIим, балаболлучу кху сан дине хьажахьа, – жоп делла Мамадис.

ТIеьвеана ИбрахIим: «Ва, Жабраил, ва Микаил, ва Iазраил, ва Исрафил», – аьлла кхайкхина, динан лерга «х1уп» аьлла мох тоьхна. Дин бега а белла, когаш тIехIоьттина, тобелла дIахIоьттина, ткъа чувахана ИбрахIим дIакхелхина.

Лахара хьалавеана бахар бен, иза мичара веана а, хьенан ву а хууш ца хилла цу зумсошна. Цуьнан дакъа кечдина, цуьнан дай карор барийте, аьлла, иза а дохьуш, ЧIиннаха охьабаьхкина, эвлайисте севцна, кхузарчу нахе хьаттина зумсоша, кхуьнан дай бевзий-те, аьлла. (Сан дагахь а оцу метте доьгIна чурт дара, хиш дистина ихна дIаделира иза). Нагахь чIиннахошна ца хаахь, кхин а охьагIор шаьш, ГIойтIахула, Мартанхула, аьлла.

ЧIиннахоша дехна, ИбрахIим эвлаяь а вара, дика стаг а вара, баккъал а хIара дIа ма хьахьара аша, шайга дIаволлийтахьара аша, аьлла.

– Аша дIаволла мегаш хилча, тхуна а мегар ду, – аьлла, юха а бахана, ИбрахIим Зумса дIавоьллина зумсоша. Цул тIаьхьа цхьа зама яллачул тIаьхьа, вайнах Сибрех бахийтинчуьра цIабирзича, цхьана суьйличо тхан ненананна Алпатуна дийцинера:

– Зумсал лакхахь, ЧIиннахара хьалавоьдуш аьрру агIор «Кьашта» олучу меттехь, воккхачу эвлаяа Ахьмад-Шайха диначу ширачу маьждига чу цхьана буьйсанна жа лаьхкинера оха. Цу буса оцу маьждиг чуьра жа арадаккха бохуш, ИбрахIима мохь бетташ, диттане а дита а ца дитина, и жа аралаьхкина, оцу кIаг чохь Iен а ца даьхьна, Зумсал лакхахь жа дажо хьаладахара тхо, – бохуш.

ИбрахIимах лаьцна дийцарш дукха а ду. ТIаккхахула кхидерш а дуьйцур ду вай.

*Зорбане кечйина – Саралиева Табарка*



### НА ЗЛОБУ ДНЯ

## Сохранить семейные ценности

За последнее время в нашем обществе остро обсуждается вопрос семейных взаимоотношений, разводов и их последствий. Сам Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров призывает общество к воссоединению разведенных пар, ибо последствия весьма плачевны – главным образом в итоге страдают дети.

Задаюсь вопросом. Что вообще происходит? В чем причина огромного количества разведенных матерей-одиночек, которые растят детей, явно не справляясь с их воспитанием и обеспечением. Да, без сомнения, это огромная проблема, которая непременно аукнется для всего народа в будущем, если ее не решить сегодня.

Невозможно решить проблему, не поняв суть проблемы. Невозможно решить проблему, не имея детального плана, учитывающего реалии сегодняшнего дня. Отчеты, конечно, можно написать, но на практике проблема только увеличится.

Совершенно верно, в первую очередь надо попытаться, исследовав причину развода, восстановить разрушенную семью. Не просто восстановить, а даже искоренить причины разлада семейных отношений.

А действительно, в чем эти причины? В чем причина того, что надежные, как кремневые скалы наших гор, чеченские семьи начали рассыпаться, как карточные домики? Мы, наши семьи выдержали столетние войны, многие катаклизмы, но такого, что происходит, сегодня не было!

И вот у нас появилась уникальная возможность узнать реальные проблемы семей, которые де-факто перестали быть ячейками общества, опорой общества и народа! Нужно это сделать, тактично, мудро, грамотно, корректно, учитывая нашу ментальность и психологию. Главой ЧР задача эта уже поставлена, остается ждать положительных решений. Ведь всем нам известно, что инициатором всех благих начинаний в нашей республике является Глава ЧР Рамзан Кадыров. А значит, результаты будут!

*Руслан Закриев*

Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

№ 15 (392)
Исламан зIаьнарш

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## НАХА ХОЬТТУ – ШАЙХ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

Ялийна йолу нус шен марзахойн сий ца деш, шен лаамехь лелаш хийла меттигаш нисло. И нус ледара хиларан бехк берриге а цIийнда ледара хиларна, цо мегар долчун-доцчун гураш цагайтар хир бу. Амма, нус мел дика елахь а, цхьаболу марзахой хуьлу-кх собар доцуш, муьлххачу а бехкана нус хьийзош. Оцу хьолехь ша нисвелча цIийнда ву бохучо хIун дан деза? Шен кертахь болчара дIаяхийта аьлча, цара бохург дан деза цо я барт бан хьажа веза и?

Керта нус ялочу дийне сатуьйсуш ду массо а да-нана. И керта йогIучу хенахь боккха кхаъ бохьуш йогIуш хета. Ткъа и керта еана яьлча, уьш вовшашца эвхьазбовла, вовшийн дешнаш кегдан сихло. Ша нехан керта йоьдуш, зудчунна уггаре а хьалха хаа дезарг ду, и нах мухха белахь а, уьш шайн цIахь ца Iийча, церан баха меттиг йоций. Вайн нохчийн цхьа кица ду-кх: «Хьуо тIехиъначу ворданан ден илли ала» олуш. Цуьнга терра, нехан керта яхана йолу нус цу нехан гIиллакхашца яза хьажа еза. Шен цIийнден деца-ненаца, йиша-вешица ша меттиг тайича, шен цIийндеца ша меттиг тайой а, шайн гергарло хаздой а хаа деза цунна. Шена ша резайоцуш хIума даьлча, деллахь, хIокхунна со реза яцахь а, кхин диканиг дуй хьажа ма еза со кхаьрца, аьлла, диканиг цо лахахь, ас тоьшалла до, и вониг дойуш, цунна диканиг карор хиларан а, таръяла цунна луург хиларан а. Цундела м агар а, таръялар а оцу зудчун шен карахь хета суна. Ткъа цIийндех дерг аьлча, оцу хаттарна хIора къонахчо ша лур ду жоп. Шен йишица я ненаца зудчун дов даьлча, цо хаза олуш кхето еза и, дIахаийта деза мел харц елахь а шен нана я йиша арайоккхийла доций.

Вовшийн гергара болуш а, боцуш а нисло лулахой. Берашна тIехула я кхидолчу бахьанашца вовшашца девнаш дохуш, цабезамаш лелош меттигаш хуьлу. Цу хьокъехь хIун эр дара ахь?

Жабраил-малик (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) шена тIе мосазза догIу лулахойн хьокъехь весеташ дира шега аьлла вайн Пайхамара (IалайхIи-ссолат ва-ссалам) и лулахо велча, цуьнан ирс шена догIу моттал. Дала ирс дIасадоькъуш а, билгалдеш а долу аяташ дешча, хиира шена и ирс цунна ца догIий, амма цунах тешшал дукха балхамаш бира шена аьлла Пайхамара (IалайхIи-ссолат ва-ссалам). Лулахо хуьлу кхо хьакъ долуш, ши хьакъ долуш, цхьа хьакъ долуш. Бусалба велахь (бусалба нах берриге а вовшийн вежарий бу), оцу агIор цхьа ваша ву хьан иза, тайпанехьара шолгIа ваша ву, лулахо хилар кхоалгIа бехкам бу. Оцу кхаа бехкамца ахь лерам бан безаш цхьа лулахо ву боху. Шина бехкамца ахь лерам бан безарг ву тайпана ваша а воцуш, бусалба ваша-лулахо. КхоалгIа, цхьа лерам бан безарг ву бусалба а, тайпана а воцуш керста-лулахо. Керста велахь а, лерам бе боху хьайн лулахочун. Бусалба мила ву аьлла Элчане (IалайхIи-ссолат) хьаьттича: «Шен лулахо маьрша вуьтуш верг ву», – аьлла. И керста вара аьлла, вайна цуьнца эгIа бакъо елла ца хилча, муха хир яра вайн бусалба лулахочуьнца эгIа бакъо. Дала тардалар лойла вайна. Шена цадезарг оцу лулахочунна дезар доций а хууш, шена ца дезачу вонах и шен лулахо лар а веш, тарвалар ду-кх бусалба стагана тIехь.

Къемата дийнахь стаг шен хIусамненаца хир ву боху. Ткъа, дуьненахь ши хIусамнана йолуш стаг хиллехь, Къемата дийнахь цуьнца муьлхарниг хир ю?

Шен цIийнан охIла ийманехь а кхиош, цIийнден лааме ла а дугIуш и шена резавеш, гIиллакхе доьзал а кхиош, беркате хIусамнана хилларг хир ю цуьнца цхьаьна. Важа бисинарш юьстах хир бу.

Р.Ш.Албагачиев

# ШЕЙХ БАТАЛ-ХАДЖИ: ЖИЗНЕННЫЕ ВЕХИ И ДУХОВНАЯ ДЕЯТЕЛЬНОСТЬ

*(Продолжение. Начало в №14)*

Впрочем, в Исламе считается, что Аллах дарует прямую дорогу в Рай тем, кто закончил свой жизненный путь во время совершения хаджа. Несмотря на отсутствие хороших дорог, всевозможные опасности, наши предки отправлялись в дальний путь, который занимал не один месяц передвижения – пешком, верхом на лошадях и в лучшем случае на кораблях. Лишь через несколько месяцев добирались они до Мекки и Медины. Батал держал свой путь в Мекку и Медину, стремясь шагать со своей религией к Аллаху. Эта дорога была тяжела во всех отношениях, но усталость и невзгоды оставались позади, т. к. в душе возникало страстное стремление к Посланнику Аллаха (мир ему). Он отправляется в Мекку, чтобы совершить хадж и достичь благословения Мекки и Медины, совершить зиярат к могиле Посланника Всевышнего Аллаха Мухаммада (мир ему). Впрочем, посетив по пути множество стран, он старался получше познакомиться с мусульманскими достопримечательностями. Наибольший его интерес вызывали памятники, которые так или иначе связаны с Исламом, историей мусульманской религии, ее видными деятелями. Достигнув Заповедного Дома Аллаха – Каабы, которая была его конечной целью, Батал своим голосом возвестил, как это делали и делают многие совершающие хадж: «Ляббяй-ка, Аллахумма, ляббей-ка Ляббяй-ка, ля шарика ля-ка, ляббяй-ка! Инна-ль-хамда ван-ниамата ля-ка ва-ль-мулк(а). Ла шарика лака». («Вот я перед Тобой, о Аллах! Вот я перед Тобой! Вот я перед Тобой! Нет у Тебя сотоварища! Вот я перед Тобой! Поистине, хвала Тебе, милость и власть принадлежит Тебе! Нет у Тебя сотоварища!»). Он бывал на святой земле Мекки, ходил у Каабы, молился на горе Арафат и дышал воздухом Медины. После возвращения из Мекки Батал-Хаджи много времени уделял изучению Корана. Упоминал имя Всевышнего, рекомендовал делать это многим верующим: «Ла иллахIа иллаллахIу». Он всецело посвятил себя служению Аллаху. В проповедях, обращаясь к людям, говорил: «Не совершайте прегрешений, ибо наказание неизбежно». Часто интересуются, сколько мюридов принадлежат определенным вирдам. Считаю, главное не их число, а то, чтобы мюриды разных вирдов своими деяниями во имя Всевышнего Аллаха достигли совершенства духовного и интеллектуального. Возмужавший и окрепший в борьбе и лишениях, Батал очень часто бывал у святого Устаза шейха Кунта-Хаджи, советовался с ним по многим волнующим его вопросам. Однажды к святому Устазу Кунта-Хаджи прибыла большая группа людей из Ингушетии и среди них был сурхахинец Довт-Гири, со слов которого Кунта-Хаджи сказал собравшимся, выделив среди них стоящего в сторонке молодого человека среднего роста и приятной внешности: «Знаете ли вы вон того молодого человека?». На что одни сказали: «Да!», а другие ответили: «Нет! А кто он?». И Кунта-Хаджи ответил им: «Милостью Всевышнего, это шейх Батал, Устаз вашего предела из Сурхахов. Отныне вы можете обращаться к нему с любыми вопросами и принимать от него тоба». С тех самых пор люди стали приходить к шейху Баталу и принимать от него обращение (тоба)! В числе первых были представители с. Насыр-Корт, Сурхахи, Ачалуки. А самым первым, кто принял тоба от шейха Батала, стал житель Насыр-Корта Эка Цороев. Это произошло, когда шейху Баталу исполнилось 40 лет, и к нему снизошел с небес чудесный дар: истина и просветление от Всевышнего. Обращаясь к человеку, решившему принять его тоба, святой Устаз Батал-Хаджи обязательно спрашивал: «Ты обязуешься не причинять другому то, чего не пожелаешь себе?», и лишь получив утвердительный ответ, принимал человека в свое братство. К Батал-Хаджи потянулись мусульмане, желающие стать последователями, в том числе из Чечни – из с. Ачхой-Мартан и Кулары. Число его сторонников увеличивалось, влияние, особенно в середине 80-х годов XIX века, усилилось. Архивные документы того периода фиксируют возросшее влияние Батал-Хаджи на народ. Как свидетельствует мюрид Кунта-Хаджи Мажас, он, т. е. Кунта-Хаджи, сказал однажды очередной группе посетивших его людей: «Зачем вы, жители Навьсаре (Назрани), приезжаете сюда, в то время, когда у вас есть благословенный Всевышним мальчик из горной кручи, с красными глазами и по имени Батал. Аллах ниспослал и наделил Его четырьмя дарами, четырьмя светлыми истинами: Тарикат, Шариат, Мухажирийя, Газават. Аллах наделил его пророческим видением и возможностями. Из дара, ниспосланного мне, из семи иманов пять иманов предоставлены Шейху-Баталу, и оставшиеся два имана также должны принадлежать ему, помимо всего священного дара, которым наделил его Всевышний Аллах». О религиозно-политической ситуации того времени Максимов пишет: «В 1886–1890 годах снова сеялись смуты, а в самое последнее время возрождение религиозно-политического учения зикристов опять едва не наделало нам хлопот» (Е. Максимов. Чеченцы. Историко-географический статистико-экономический очерк // Терский сборник. Вып. III. Кн. 2. Владикавказ, 1893. С. 30, 31). «Добрых, порядочных и искренних мусульман любит Аллах, – говорил Батал-Хаджи, – и за проявление этих качеств в делах человека в жизни земной будет дана награда в жизни вечной». Об этом мы можем прочитать в Священном Коране:

«Да! Тем, кто обратил к Богу лик свой, Кто добро творит, будет награда от Него; Нет им нужды опасаться (кары), И не будут они опечалены». (Коран, 2:112)

**Делать ежедневно добро – раздавать милостыню, оказывать помощь слабому, примирять поссорившихся, посещать больного и ходить на похороны – Устаз Батал-Хаджи считал богоугодным делом мусульманина.**

**«На того, кто вышел в путь, чтобы проведать больного, подобно частому дождю, низвергающемуся с небес, будут ниспосланы милость и милосердие Аллаха, как по дороге к больному, так и на обратном пути. Когда он делает шаг правой ногой – ему зачитывается милость, когда же он делает шаг левой ногой – с него снимается прегрешение... Таким образом, это является благостным поступком!».**

Нужно верить в предопределение (кадар), смысл которого в том, что все дела и события, которые имели место ранее или произойдут в будущем, известны Всевышнему. Придет «день суда, и все люди должны будут ответить за свои дела. Они воскреснут и предстанут перед Творцом». Праведники и мученики попадут в Рай, а те верующие, кто заслужил наказания за свои грехи, попадут в Рай только после очищения в Аду. Об этом мы должны помнить постоянно.

**«Когда вы услышите о кончине правоверного, то даже если вы занесли над головой топор, немедленно бросьте его, если руки ваши за спиной – назад, а если впереди – вперед, поспешите на похороны, дабы достойно проводить в последний путь брата-мусульманина».**

Каждый верующий мусульманин обязан исповедовать воззрение пророков и посланников, веровать в те основные убеждения, в которые верили они, и проповедовать их без каких-либо сомнений и колебаний. Вера, покорность, смирение и послушание – это деяния правоверных и их путь. Если верующий поступает так, то ему сопутствует благополучие и он оказывается в безопасности. При этом его душа очищается, сердце обретает покой, и он оказывается далек от волнений, ошибок и колебаний. В указанные годы Батал-Хаджи был уже зрелым человеком. Преодолевая жизненные трудности, опираясь на большие способности, полученные от Всевышнего, он успешно шел к намеченной цели, быстро и уверенно продвигался вперед в постижении религиозных наук. Кл. И. Борусевич отмечает, что о Батал-Хаджи даже те, кто не являлся последователем его учения, рассказывали много хорошего. Особенно много говорят о его гостеприимстве (Кл. И. Борусевич. Сектанство среди ингушей // Этнографическое обозрение. М., 1893. № 3. С. 140). Знакомство с этим замечательным человеком оставляло у тех, кто с ним общался, приятное воспоминание. Жизнь Батал-Хаджи, стойко выдержавшего многие тяготы судьбы, в частности восемь лет ссылки, а также его сочувствие к страдающим, готовность отдать нищему последнее – все это придает весомость его авторитету и значимость в обществе. Поэтому люди из отдаленных районов приходили к нему со своими разнообразными проблемами. В этой книге далее приводится много подобных примеров: ему верили и доверяли, а самое главное – обращались с надеждой на помощь. Шейх Батал-Хаджи никогда не терял самообладания, был человеком слова, помогал людям найти верное решение их проблем, призывал к благочестию и предостерегал от заблуждений. Старался радовать людей благими вестями, хотя порой необходимо было сообщать и печальные. Он не восхвалял одних и не порицал других, не выискивал человеческие недостатки. Считал правильным оказывать возможную помощь или соучастие испытывающему нужду, однако при этом не ждал ни от кого благодарности.

Да благословит всех нас Всевышний Аллах!

*(Продолжение следует)*

IабдулФаттахь Абу ГIудда

# Исламан гIиллакхех

### ХIУСАМЕХЬ ЛЕЛОН ДЕЗА ГIИЛЛАКХАШ

Хьуо хIусам чуволуш, цу чохь болчарна дIахаита хьуо чувеаний, хьо уьш болчу кхачале хьалха, хьо цIеххьана чукхачарца уьш кхера ма лойла аьлла, я царна таллам беш волчу ямартхочух тера ма хуьлийла аьлла...

Ибн МасIудан кIанта IабдуллахIан кIанта Iамира Абу Iубайдата аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «Сан да, МасIудан кIант IабдуллахI, вара ша хIусам чуволуш хаам беш, вистхуьлуш, шен аз ойъуш, царна дIахаъалц».

Имама Ахьмада ибн Хьанбала аьлла (Дала къинхетам бойла цунах): «Стаг шен хIусам чуволуш, цунна деза ду йовхар тохар а, я мачаш вовшахтохар а».

Имаман Ахьмадан кIанта IабдуллахIа аьлла: «Сан да вара ша хIусам чуволуш маьждигера ша цIа вирзича, шен ког лаьттах тухуш, ша хIусам чувалале хьалха. Шен мачин тата хазийтарахьама хIусам чуваран дуьхьа.

Цкъацкъа йовхарш тухура цо. Чохь болчарна шен чувар дIахаийтархьама».

Цундела шина сахьихь чохь деана (Бухари а, Муслим а) Жабирах Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дихкинера шена доьзале буьйсана вар – цаьрга буьйсана вар цхьанхьара вогIуш а, я кхечанхьара вогIуш а царна дIахаийтар доцуш.

***Iаьрбийн маттера гочдинарг - Денилханов Сулиман***

# С верой в Аллаха

Для того, чтобы умереть с верой, необходимо просить об этом Всевышнего и приложить все усилия для этого. Из-за того, что никому не известно положение человека в момент, когда он сделает последний вздох,

мусульмане, пребывая между страхом и надеждой, просят Аллаха дать им достойную кончину.

Например, колдуны, уверовавшие в Аллаха после чудес пророка Мусы, под пытками Фараона взывали: «Господи наш! Пролей на нас терпение и упокой уверовавшими!». Пророк Йусуф (алейхиссалям) постоянно молился: «Господи! Упокой меня предавшимся Тебе и причисли к праведникам!». Все это прекрасные примеры, которые приводит мусульманам Сам Всевышний Аллах. От нас же требуется, живя в Исламе и умерев с верой, обрести спасение.

## Обычаи гостеприимства вайнахов

В традициях ингушского народа важную роль играл обычай гостеприимства: гость вне зависимости от национальности и вероисповедания получал отдых, пищу и ночлег. Хозяин нес полную ответственность за его жизнь и безопасность. Нарушение обычая гостеприимства влекло за собой суровое порицание и даже расценивалось обществом как преступление.

Правила хорошего тона предписывали гостю деликатно сдерживать расточительность хозяина, который часто готов был отдать гостю последнее. При повторном посещении хозяин и его гость официально становились кунаками: они были обязаны поддерживать друг друга во всех делах. В недавнем прошлом куначество было довольно широко распространено у ингушей. Клятва побратимства скреплялась обменом оружия. Куначество нельзя было нарушать, верность слову сохранялась, несмотря на самые тяжкие испытания. Такие дружественные взаимоотношения нередко передавались из поколения в поколение.

Существовал и особый вид «состязательности» – соревнование в благородстве

В чеченском обществе огромное значение имеет гостеприимство. В народной культуре, в пословицах, поговорках и сказках часто за основу берется эта тема. Причиной тому стал старый уклад жизни. В горной местности, в опасных для жизни условиях, люди приглашали к себе домой путника, давали ему хлеб и ночлег. Так было принято в любой чеченской семье.

Знакомый или незнакомый, если человек нуждался в крыше над головой, он получал ее. При этом у гостя не расспрашивали о причине и цели его приезда, пока он сам не скажет. Через три дня после приезда гость терял этот статус и должен был либо покинуть дом, либо принимать участие в его непосредственной жизни, в хозяйственных работах.

Очень интересным обычаем для многих других народностей является обычай подарка гостю. Если гостю понравился какой-либо предмет в доме, то хозяин тут же должен предложить ему его, подарить. Однако находились люди, которые впоследствии осуждали гостя за выманивание предметов, он мог прослыть человеком «рабского этикета».

Есть также несколько правил, касающихся гостеприимства. Хозяин дома, принимая гостей, должен занять место, ближайшее к дверям, тем самым показывая, что он самый незначительный человек в доме. Также немаловажно, что хозяин за столом должен есть до тех пор, пока едят его гости. Прерывание трапезы первым считалось грубым нарушением этикета.

Если в дом приходят гости, которые не являются близкими родственниками или соседями, то женщины не должны их обслуживать. Этим могут заниматься взрослые сыновья, молодые родственники или соседские юноши.

# Чеченские алимы в X веке

### БАГДАДСКИЙ АРХИВ СВИДЕТЕЛЬСТВУЕТ

В течение многих лет советская и российская историография вела по ложному следу к фактам, касающимся истории чеченцев. И сегодня не утихают разговоры о том, что якобы чеченцы приняли Ислам 200-300 лет тому назад. Многими псевдобогословами преподносится эта идея как истина в последней инстанции. Поэтому еще и еще раз необходимо напоминать о том, что истоки мусульманской религии чеченцев настолько глубоки, что многим покажется фантастическим данное заключение: Ислам проник на территорию Чечни и Дагестана спустя 100 лет после смерти Великого Пророка человечества - Мухаммада (мир ему).

Это вовсе не голословное заявление. Оно подкрепляется достоверными источниками исторических трудов арабских летописцев ан-Базури, ан-Табари, византийского хрониста Себеоса, а также, что удивительно, и российскими учеными-академиками Б. Б.Пиотровским и О. Г. Большаковым. Дальнейшее развитие Ислама на территории Чечни и его связь с исламским миром более, чем 1000 лет с опубликованием имен и фамилий древнейших чеченских алимов приведены в сенсационных материалах архива Багдадской библиотеки, которые мы предлагаем вашему вниманию.

Из чеченцев вышло немало прославленных ученых и писателей, принявших участие в распространении знаний среди человечества, внесших выдающийся вклад в развитие мировой исламской цивилизации.

• Абубакар Мухаммад ибн Исмаил аш-Шашани, известный под прозвищем «Великий ключник», родился в Чечении в 904 году христианского летоисчисления. Отличался глубокими знаниями мусульманского богословия. Чтобы расширить свои познания в исламских науках, он переехал в Хорасан, а после перебрался в Багдад, который в то время являлся столицей халифата.

В Багдаде в те времена собирались ученые со всех концов обширного мусульманского мира. Чеченец продолжил обучение у этих ученых, после этого он вернуля на родину и стал общепризнанным лидером в богословских науках шафийского мазхаба, мусульманского правоведения, в толкованиях Корана, в познаниях хадисов и арабского языка. В свое время он часто упоминался в произведениях ученых, его цитировали, на него ссылались при решении трудных богословских проблем. Он оставил в наследство немало богословских трудов. Вот некоторые из них: «Корни исламского правоведения (факиха)», «Прекрасные грани шариата», «Толкование шафийской книги- Рисаля», «Обычай судей» и другие. Он умер в 975 году.

Да будет доволен им Аллах!

• Имам Абубакар Мухаммед ибн Ахмад аль-Хусейн аш Шашани ал-Каффаль получил от современников почетный титул «Фахрул Ислам» - Гордость Ислама. Родился в Багдаде, в районе, где проживало много чеченцев, Муйафиркин, в 1027 году. Обучался у Багдадских ученых, у алимов Басры, Хорасана, Куфы, в центрах богословия и литературы. Учителя выделили его как лучшего, и поэтому ему было доверено преподавание в самом лучшем университете того времени в багдадском «Низими». Он был признан самым выдающимся ученым шафийского мазхаба. Ученики, подчеркивая праведность и богобоязненность чеченца, и нарекли его именем «Джунайд». Он был прославленным энциклопедистом своего времени, и после него осталось 30 томов произведений по пяти различным наукам. Умер в 1114 году и похоронен рядом со своим учителем-устазом Абу Исхаком.

3.Имам Абубакар Абдурахман ибн Ахмад аль-Каффаль аль-Марваний. Его прозвали «Каффаль младший», чтобы отличать его от «Каффаля Старшего», упомянутого нами в начале. Его современники, ученые и писатели говорили о нем как о «несравненном» и утверждали, что ученых, подобных ему, не было в прошлом и не может быть в будущем. Он был величайшим шейхом Ирака и Египта, у него просили обучение многие выдающиеся шейхи и имамы. Умер он в Египте в 1026 году.

4. Шейх Абдул-Хасан Амий ибн ал-Хажиб Шашани

Родился и первоначально обучался в Чечении. Затем посещал Хорасан, Ирак, Сирию, Хиджаз, углубив свои познания в этих научных центрах, вернулся на родину, где проповедовал Ислам. Умер в Чечении.

5. Шейх Абу Якуб Исхак ибн Ибрахим аш-Шашани. Родился в Чечении, там вырос и там постиг исламские науки. Посетил Египет и остался в этой стране в качестве судьи. Написал труд под названием «Основы исламского права», который прославил его имя в мусульманском мире. Эту книгу называли «Шаш баххаш» - «Чеченские основы», подчеркивая чеченское происхождение ученого. Умер в Египте в 937 году.

6. Шейх Ахмад ибн Абдуллах ибн Мухаммад ибн Ахмад аш-Шашани

Родился и обучался наукам в Чечении. Внук ученого, о котором мы ранее упоминали, Абубакара Мухаммеда аль-Шашани. Был преподавателем Багдадского университета «Низами», умер в 1180 году.

7. Шейх Абдул-Махасин Мухаммад ибн Юсуф ибн Абдул-Касим аш-Шашани

Жил в Багдаде. Прославленный поэт.

8. Шейх Умар ибн Ахмад ибн ал-Хусейн аш-Шашани. Родной брат имама Абубакара Мухаммада аш-Шашани - «Гордость Ислама». Умер в 1155 году.

9. Шейх Абдуллах ибн Мухаммад ибн Ахмадаш? аш-Шашани. Родился в Чечении в 1088 году. Умер в Багдаде в 1135 году. Похоронен рядом со своим отцом.

10. Шайхал-хафиз Абу-саид ал-Хансом ибн Кулайб аш-Шашани. Учился у знаменитых ученых своего времени и сам был учителем прославленных знатоков Ислама. Сохранился его труд под названием «Ал-Муснад». Умер в 946 году.

В дополнение ко всему следует упомянуть о некоторых данных из чеченской истории, имевших место относительно недавно. После депортации чеченцев в 1944 году были вывезены архив и ценнейшая библиотека известного чеченского ученого Сугаип-муллы (хайба) в город Тбилиси. Возвращение бесценной сокровищницы знаний на свою историческую Родину - высокий долг каждого мусульманина, каждого чеченца и гражданина Чеченской Республики!

Да поможет нам Аллах в этом святом деле!

***Подготовил к печати***
***Увайс Лорсанукаев***

# Юха а вайн юкъараллин лазамех...

**Садаева Р.**

Нохчалла бохучу дешан маь1на даккха атта дац. Цо чулоцург 1аламат доккха жоьпалла ду. Ткъа цу бустамца баьхна хилла къаной а, кегийнаш а цкъа а юхь1аьржа х1иттина аьлла, х1инццалц хааделла дац. Т1аьхьарчу хенахь, вайн къоман я хот1аца а, я ламастаца а йог1уш йоцу цхьа аг1о хаало вайна. Лазаме делахь а, саг1ане марзъелла юкъаралла. Цхьа зама яра, и гена яцара, Г1ум-Азехь а, Казахстанехь а адам дохийна, даржийна лелачу хенахь саг1а дехна, гайн там ца бан, хийла адам кхелхина меттигаш зеелла. И тайпа сурт шайн б1аьргашна дайнарш х1инца а болуш бу. Вайн махкахь вевзаш волчу этнографа Хасиев Сайд-Мохьмада дуьйцу, мацаллина буц йиъна, цунах велларг гина ву ша бохуш, бераллехь. Х1инца хилча санна, и сурт дагаоьхийту цо.

Вайна хаьа, ваха а, 1ен а х1усам ян а атта дац. Ткъа вайна дагадог1у, аьхкенан хан т1екхаьчча, рицкъа лаха олий, дуьне ма-дду д1асаоьхура (шабашке) вайн дай а, девежарий а, иштта церан мог1арера нах а. Хьацарна 1ийдалуш, куьйга даьккхинарг бен, доьзална ца даош, беркате хан хиллера и. Тахана шенначул эшам боцуш цхьа вац. Ткъа юха а, т1аккха а хаттар кхоллалокх: стенгара схьа ду-те и эхь дар. Вайн баккхийчара олуш хилла-кх – эхь даро ц1ий бехдо, боьхачу ц1ийно са бехдо. И харц хила йиш яц.

Шен къинхьегамца даьккхинчух доьзал кхобучун хуьлуш йолу ял 1еламнаха дукха еза юьйцу. Адам доцчун бен, цхьана а садолчу х1уманна эхь делла дац Дала. Ткъа схьагучу суьртехь дийнат-м, шена Дала деллачунна тоам бой, 1аш го вайна. Адам дац-кх дуьненах 1ебаш. Наггахь к1айн хила дезарг дукха ирча гуш хиларна, 1аьржа дерг бег1ийла хетачу девлла вай. Т1аьхьа аьндерг лардеш баьхначу къаноша мел хала ловр дара и сурт. Эхь хетар ч1ог1а лоруш хиллачу церан, юьхьч1ада кхулур ма яра наха дечу дехаршна. Т1ехь ши ког, корта болуш волучо к1еззиг долчунна т1ехь а «езткъе ткъаессана йолчу Делан ц1арца д1аалахьара аш, д1акхачадахьара аш» бохуш, нах холчу а х1иттош, аьзнаш даржадо. И санна долчо дог доккху, баккъал а г1о оьшучунна д1а ца кхочуьйтуш.

Сайн турпалхо вовзийта лаьа суна. И ву Валаргт1ера жима стаг Хасиев 1аьрби. Х1инцачул пхи шо хьалха некъан бохамехь лазийна ву и корта меттаххьабар бен кхин билгало йоцуш, меттахь 1илла висина вара и. Т1аьхьарчу шерашкахь Пятигорскехь заь1апхошна лерина йолчу тренажерни чоь чу лела воьлла, хаъал дег1 хецаделла хета цунна шен. Де-дийне мел дели дикачу аг1ор хийцамаш хуьлуш схьавог1уш ву, ша шена т1ехь къахьегар бахьана долуш. Оцу хийцамаша жимачу стеган кхане а хийци. Х1инца цуьнан сатийсамехь ду, ша санна болчарна Нохчийчохь и тайпа тренажерни чоь схьаеллар. Нийят 1аьрбин долуш ду, ткъа кхане Делехь ю. 1аьрбин лаам а дикачех бу. Цкъачунна проект, кеп эцна ялаза ю. Мичахь х1ун хир ю, я х1ун хилча бакъахьа хир ду бохуш, бустамаш беш, компьютерни графикца цкъачунна и кечъеш ю. Махкара заь1апхойн барам к1еззиг бац. Шаьш цу тайпана долушшехь, эшна ца хетийта г1ерташ, къахьоьгуш бохку уьш. Ткъа уьш гича а хаа ду, и саг1а дехар мел г1иллакхе дац. Меттахь виснарг а цхьаьна воллу махкана а, къомана а жимма а пайде хила г1ерташ.

Кхид1а а сайн дийцаран турпалхой бовзуьйту ас. Цхьа наггахь верг бен хир вац вайн махкахь Даудова Зина ца евзаш. Масех шо ду цо базарахь пакеташ юхку. Дезткъа шаре хьалаг1оьртина йоккха стаг Хьаьжц1а яха лаам болуш хилла. Шина шарахь ша гулдинчух Дала яха пурба делла. Кху шарахь ю иза цига яха нийят дина. Цуьнан и нийят хиънaчу Кадыров А-Хь. ц1арахчу регионально юкъараллин фондо г1о дина цунна Хьаьжц1а яха. Оцу йоккхачу стеган нийят ц1ена хиларна, Дала аьтто бина цуьнан. Х1ара санна долчо масало дог токхедо. Атта дезачарна, наха и атта ца доккхий хаа деза. Йохк-эцар беркат лерина ду. Вайгахь хало ю моьтту, хало яц. Вайн баккхийчара олура: «Баьрчехь биллина мотт бацахь, чувоьллина стаг вацахь, хала ду ма алийша». Эзарнашкахь заь1апхошна, баккъал а де эшначарна и г1о д1акхачийта, юкъара шайн аьтто лоьхурш совцахьара, тоххарехь цхьана хорша нисделла хир дара вай.

Цхьа шо хан яра Соьлжа-Г1аларчу «Беркат» базарахь цхьана йоккхачу стеган ас терго йо. 1аьн т1ехь элхьаьмчаш духхуш, хьаьрмакаш, гурахь бакъийна стоьмаш, гараш юххуш хуьлура иза. Базарахь латта хан йолуш а яц и, делахь а шех цхьа пайда балийта лууш къахьоьгуш йоллу. Иштта вайх х1ораммо а къахьегахьара, дукха дацара вайна юкъахь и лазаме сакхташ.

Оццу лазамечу сакхтех ду тахана доьзалш бохар а, берийн долацадар а. Дийнахь сарралц цхьанхьа лелаш долчу бераша х1ун леладо ца хаьа уьш долчу дений, нанний. Цигонийн бераш санна, мойкехь, некъаца саг1адоьхуш хаало уьш. Нагахь санна хьо меца велахь, хьан чохь даа х1ума дацахь, туькана а вигна, оьшург оьцур ю хьуна аьлча, хийлазза цу бераша иза ца дуьйцуш, суна ахча ло, олуш меттигаш дукха хилла. Вайна хоийла дуй, и ахча цо стенна духку, цунах цо х1ун оьцу? Дала лардойла вай юьхь1аьржонах!

Дукха бу вайн хьанал долчуьнца хене бовлуш берш. Цкъа а цхьамма а шена хьалхара цхьаъ дан деза аьлла хета а, я йохьуш цхьаъ ван веза аьлла хета а оьшуш дац. Уггаре а хьалха шен чуьра схьа ду долчун т1алам бан хаар. Рицкъанна бахьанаш лелош тов муьлхха а. Балхахь, некъахь воцуш, «безработни» ву ша бохуш, деш х1ума а доцуш, хьоьгуш къа а доцуш, шена г1о дехар тамехь дац. «Т1аьхьарчу заманахь велча д1аволла хьанала сом хир дац» олура баккхийчара. Дала цу хенах лардойла вай, хьанал рицкъа даккха а, и доьзалшна дао а пурба лойла вайна! И тайпа ледарлонаш хьалха вайн къомаца хиллехьара, тоххара доь дайна хир дара вайн. Таро, аьтто – дерриге а Делера дуйла хууш, шайна деллачунна хастам беш баьхна болчу къанойх масал эца мегар дара. К1еззиг долчух тоам хилар ду ийманан новкъахь цхьа дакъа. Дала цунах кхета ницкъ а, хьуьнар а, хьекъал а лойла вайна!

---

Виъ ву-кха, хьо цаьрца цкъа а дог чӀогӀа *(къиза)* хила йиш йоцуш:

Зуда а *(муьлхха а зуда)*.

Бер а (*муьлхха а бер)*.

Лай а *(чухӀоьттина волу)*.

Хьо волчу бехказавала веанарг а *(хьо къинтӀераваккхарца)*.

***Шайхийн Абубакар***

---

# ӀАЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Вист ца хилар а яц даима а реза хиларан билгало.

Цкъацкъа, ца кхеташ болу нах кхето гӀерташ, кӀадлой а Ӏа вист ца хуьлуш.

***Ӏаьрбийн маттера гочдинарг - Тимералиев Ахьмад***

---

# ХААЛАХЬ!

Хаалахь!
И цхьаъ ю-кх х1окху доккхачу дуьнен т1ехь, хьо шел совваьлча, хазахетарг!
Хаалахь!
И цхьаъ ю-кх х1ора ламазехь, шен дег1 диццдой, хьуна до1а дийриг!
Хаалахь!
Цуьнан дог дохош, ахь лоьхучу ирсе, хьуо цкъа а кхочур воцийла!
Хаалахь!
Цунна муьт1ахь волчу доьзалхочо, цуьнан хьашташ, дагах юьйлучу марзонца, дег1ехь йолчу шовкъаца, цуьрриг хала а доцуш, кхочушдойла!
Хаалахь!
Дена-нанна муьт1ахь волчу доьзалхочунна, цушинна муьт1ахь хиларал а, мерза стом дуьненан кийрахь ца каринийла!
Хаалахь!
Цушиннан дог дохийна, хьуо набарна товжахь, лаьттан букъа тӀехь хьайл воккха ямартхо воцийла.
Хаалахь!
Исс баттахь хьо дег1аца лелийна,
Шина шарахь хьуна шура яийна,
Дерриге а шен дег1ан са хьо хеташ,
Хьо кхиийначу нанна хьо ямарт хилча,
Хьайн дег1ехь тешамаллин цинц боцийла!

***Денилханов Сулиман***

---

# ДАХАРЕХЬ ЗЕДЕЛЛАРГ

Нахана дика болх лууш хилар а
ду дикачу амалех.

Харцонна кӀел сацар гӀоле ду,
ша харц хуьлучул а.

Хьан гӀалаташ хьулдеш волчу доттагӀчул а хьуна гӀоле ву хьоьга уьш нисдойтуш
волу хийра стаг.

Ала дезарг дӀааларал а пайдехь ду ала
цадезарг ца олуш дитар.

Хазачу дашо хьекъал дерг нисво,
ткъа Ӏовдалниг галвоккху.

Шена цахуург хаа гӀортар тоьла хаа
моттийта гӀертачул.

Оьзда воцуш ваьхначун валар а
хир ду оьзда доцуш.

Дешарах пайда бац, коьртехь хьекъал дацахь.

Ша Ӏемачул а алсам хьекъал оьшу
кхечунна Ӏамо.

Цхьаволчун ойла, дегӀера гӀора эшча, цӀанло.

***Сайд-Эмин, мартанхо***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.

Заурбеков Мас1уд

# Жимчу АтагIарчу маьждигехь – керла имам

ДIадаханчу пIерасканан дийнахь, 28-чу июлехь, Жимчу АтагIарчу маьждигехь керла имам хаьржина хилар схьакхайкхийра республикин муфтин гIоьнчас Оздамиров Валида. И тешам муфтис Межиев Салахь-хьаьжас Жимчу АтагIарчу Ахмадов Турпална белла. Бусалба стеган Ахмадов Рамзанан доьзалхо къона Iелимстаг Ахмадов Турпал Жимчу АтагIахь вина а, кхиъна а ву. Олуш ма-хиллара, ша кога ира хIоьттичхьана хууш я ца хууш къа даза, Турпал цIена кIант а, баккъал а, и жоьпаллин гIуллакх шех тешо хьакъ волуш цIенна бусалба и хилар а билгалдаьккхира юьртахоша. АтагIошна керла имам билгалвоккхуш маьждигехь вара Шелан кIоштан къеда Неттиев Хож-Ахьмад-хьаьжа а.

АтагIой тешна бу, хIинца хаьржина шайн юьртан маьждиган имам Турпал а беркате хирг хиларх. Дала тIаьхье беркате йолуш хуьлда и харжам!



## Пресс-служба ДУМ ЧР сообщает:

*Кадий Надтеречного района Абдуллах1 Авдарахмаев вместе с главой Надтеречного муниципального района Шамилем Куцаевым и старейшинами района во исполнение поручения Главы ЧР Рамзана Ахматовича Кадырова по укреплению института семьи приняли участие в воссоединении распавшихся семей и решении семейно-бытовых конфликтов с жителями района. Участники мероприятия также затронули актуальные вопросы в рамках реализации Единой концепции духовно-нравственного воспитания и развития подрастающего поколения республики. Богослов Абдуллах1 Авдарахмаев рассказал о важности соблюдения национальных адатов и традиционных семейных ценностей. Он призвал собравшихся уделять пристальное внимание развитию и укреплению института семьи, так как тольков крепкой и полноценной семье формируются полноценные личности. Важно сохранить семью, ведь это главный стержень в становлении полноценного общества.*

*Кадий Наурского района Хусейн Икаев принял участие в проверке исламских магазинов на наличие экстремистской литературы на территории Наурского муниципального района. Такого рода профилактические мероприятия представители духовенства проводят в Чеченской Республике совместно с МВД РФ по ЧР, прокуратурой ЧР, УФСБ по ЧР и департаментом по связям с религиозными и общественными организациями Администрации Главы и Правительства ЧР в рамках реализации Единой концепции духовно-нравственного воспитания и развития подрастающего поколения республики и комплексного плана противодействия идеологии терроризма в РФ на 2013-2018 гг. Наличие сомнительной литературы в общедоступных местах может привести к неправильной трактовке религии Ислам среди мусульман. Как известно, на территории России запрещено распространение экстремистских материалов, а также их производство или хранение в целях распространения и такого рода правонарушения влекут за собой ответственность. Подобные рейды проводятся регулярно на территории Чеченской Республики.*

*Кадий Ленинского района Умар Тайсумов дал интервью корреспонденту ЧГТРК «Грозный», в котором рассказал о пользе лечения медициной Пророка Мухаммада (мир ему), в частности, методах лечения при помощи меда и хильбы из семейства бобовых, называемой в народе пажитником. Богослов отметил, что мед – это не только сладкое лакомство, это благословение, ниспосланное человеку свыше для исцеления и укрепления здоровья. О целебных свойствах меда известно с давних времен и об этом сказано в Священном Коране и хадисах Пророка Мухаммада (мир ему). Мед считается спасением от 77 болезней. Он благотворно влияет на весь человеческий организм: придает силу, повышает иммунитет, улучшает аппетит, тонизирует нервную систему и стабилизирует сердечно-сосудистую систему. Также хороший эффект дает лечение хильбой, которая является панацеей от многих болезней. В завершение беседы богослов подчеркнул, что лечение исламской медициной приветствуется, но не стоит пренебрегать при лечении болезней помощью квалифицированных врачей и проходить диспансеризацию.*

Р. Мустаев

# Реконструкция улиц Грозного

В мае текущего года, по поручению Главы ЧР, в г. Грозный была начата реконструкция улиц Ханкальская и Узуева. Сегодня же их внешний вид изменился до неузнаваемости. Новые кровля и фасад. Посадили более полутора тысяч деревьев, появились велосипедные дорожки и парки, тротуары, зоны отдыха для детей и взрослых. Отремонтированы также коммунальные сети. Это место уже не узнать.

Дороги здесь стали в два раза шире. Предусмотрено 4-х полосное движение с разделительной полосой шириной в один метр. Все это позволит избавиться от пробок. К тому же появились ливневые канализации.

Но самая большая радость – это площадки для детей. Маленькие непоседы могут здесь играть и резвиться.





*Соборная мечеть г.Карабулак*

## Бусалба дин – бакъдин

Шайх Саид Фуда цхьана дарсехь дийцира, хьо бусалба хIунда ву аьлла, хьаттича: «Ислам-дин – бакъдин долу дела ву», – ала дезаш хилар. Маггане а мегар дац кху тайпа жоьпаш дала: «Сан да а бусалба хилла дела», «Сайна Ислам-дин деза дела», «Ислам-дин сайна герга долу дела», «Бусалба наха баккхийчийн лерам бар хазахета дела».

Ислам-дин дезар тIехь ду вайна, и бакъдин хиларна!

***1аьрбийн маттера гочдинарг – Денилханов Сулиман***

**ДIахьош ду«Исламан зIаьнаршка» яздалар!**

**Ткъе ялх шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ…**

**Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а…**

**Вайх хIораннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…**

**Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)…**

*Малхбален дийцарш*

# Керла гIирсаш

– Муьлхха а хIумане хьожуш а, Iама йиш ю, – элира цкъа хьехархочо шен дешархошка.– Кху дуьненахь массо а хIума вайна масална кхоьллина ю. Дала кхоьллинарг а, адамаша йинарг а.

– Масала, аьчка-некъо хIун Iамор ду вайна? – шеконца хаьттина цхьана дешархочо.

– Цхьана маьргонна тIаьхьависича а, дукха хIума кIелдисарна.

– Телеграфо?

– ХIора дош а дIаяздеш хиларна.

– Ткъа телефоно?

– Кхузахь аьлларг, цигахь хезаш хиларна.

***Гочдинарг – Петирова ПетIамат***

*Сагатдечух*

# Берийн ойла йича...

Кху деношкахь интеренетехь дукха суьрташ ду Мосулехь дисинчу нохчийн берийн. Уьш дагара ца довлу, и бала цаьрга кхачийначарна дог этIа...

Цу дуьненан йисте и бераш а эцна, да-нана хIун нисдан дахана те аьлла хаттар кхолладелча, уьш гIазоте бахана бу олу.

Со ца кхеташ, сан са тIе ца кхуьуш хIуманаш ду-кх уьш.

Халла кху дахарх тийсалуш, хенебовла кадетташ, доьзал кхион гIерташ, дуьненахь ца нисделларг, эхартана йоле хир ду-кх аьлла, шайн дегнашна хьаам а беш, хIара дуьне хала даа гIертачул а, бусалба нахана орцах боьлху аьлла, доьзал а эцна дуьненан йисте дIабахарх кхета хьекъал аьрта ду сан...

ЦIийнан дукъ тIе а эцна, марзахошна несарий а хилла, лула-кертахь мага гIерташ, дика-вонехь ларон гIерташ, темаш-товраш ца лоьхуш, цатемаш хьала а ца ийбеш Iачул а, сайн цIийндас боххург дичахьана йолу со аьлла, цунна тIаьхьа а хIоьттина, дуьне мел ду акхайолучу зудчух кхеттал, хIусамдена муьтIахьалла а ца карайо суна сайгахь...

Сайна мел цатам хилча а, эвхьазло ца езаш, гIовгIа ца йичахьана, вовшех бIаьрг ца бедчахьана бохуш, массо а хIуманна садетта Iеминчу суна, шен берийн да тIаме ваха воллий хиъча, Iедале дIавеллачу зудчун бехк бан цалаар а, цунах кхета со хьажар а цхьаъ хир ду-кх...

Дала диканиг дойла-кх вайна!

***Петирова ПетIамат***

# БIе къаночун – бIе хьехам

Лараме газетдешархой! Оха кхидIа хьо «БIе къаночун - бIе хьехам» цIе йолу рубрика. Вайн къаной шайгахь хьекъал долуш а, шайх эца масал долуш а бу. Цара дуьйцуш шайна хезнарг, шаьш ойлане даьхнарг, дахарехь шайна пайде хир долу хIума аша яздина, схьадаийтича, оха зорбане доккхур ду. Цунах тхуна а, вайн газетдешархошна а боккха кхаъ хир бу. Язде тхоьга! Йовзийта вайн къоман гIиллакхийн хазна «Исламан зIаьнаршна» а, вайн дешархошна а!

Йозанаш схьатаса аьтто бу тхан интернет-почтин адрес тIе:

**zori_islama@mail.ru**

# Ойланийн суйнаш

Дуьнено хаза мел долу хIума дIахьо вайгара. ХIетте а, и дуьне деза вайна.

Эхарто хаза мел долу хIума схьало вайна. ХIетте а, вай цунна гIопал ду...

***Денилханов Сулиман***

# Ламазан хенаш (август)

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:15 | 16:08 | 19:24 | 21:00 |
| 2 | 03:17 | 16:07 | 19:23 | 20:58 |
| 3 | 03:18 | 16:06 | 19:22 | 20:56 |
| 4 | 03:20 | 16:05 | 19:21 | 20:55 |
| 5 | 03:21 | 16:05 | 19:19 | 20:53 |
| 6 | 03:23 | 16:04 | 19:18 | 20:51 |
| 7 | 03:23 | 16:04 | 19:17 | 20:51 |
| 8 | 03:25 | 16:03 | 19:15 | 20:47 |
| 9 | 03:27 | 16:02 | 19:14 | 20:46 |
| 10 | 03:29 | 16:01 | 19:12 | 20:44 |
| 11 | 03:31 | 16:01 | 19:11 | 20:42 |
| 12 | 03:32 | 16:00 | 19:10 | 20:40 |
| 13 | 03:34 | 15:59 | 19:08 | 20:38 |
| 14 | 03:35 | 15:59 | 19:07 | 20:36 |
| 15 | 03:37 | 15:58 | 19:05 | 20:34 |

**Лараме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060,
ЧР,Соьлжа-ГIала, Дудаевн цIарах бульвар,радион ЦIа
Редакцин адрес: 364014,
Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-928-088-85-50
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин Нохчийн Республикехула йолчу федеральни службехь 2015-чу шеран I-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 02.08.2017 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 02.08.2017 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ